



Pou Piblikasyon Imedya: 23/10/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL PWOLONJE DEKRÈ EGZEKITIF KI DEKLARE ETA DIJANS POU KRIZ MOUN K AP CHÈCHE AZIL LA

Yon kopi Dekrè Egzekitif la disponib [isit la](#).

Gouvènè Kathy Hochul te pwolonje jodi a yon Dekrè Egzekitif ki bay Eta plis fleksibilite pou jwenn resous ki nesèsè pou minisipalite yo pou sipòte moun k ap chèche azil yo epi ba yo èd imanité. Dekrè Egzekitif sa a vini nan moman Gouvènè Hochul ap kontinye travay pou adrese kriz moun k ap chèche azil la, ki gen ladan l konvèsasyon Gouvènè a ap kontinye fè ak Mezon Blanch lan pou mande aksyon federal pou sipòte New York.

"Pandan New York ap kontinye reponn ak kriz moun k ap chèche azil la, m ap pwolonje Eta Dijans nou an pou asire kominote yo gen resous ki nesèsè pou sipòte efò kontinyèl nou yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Administrasyon mwen an rete angaje pou asire ke ofisyèl eta ak lokal yo gen tout sipò yo bezwen pou adrese kriz imanité san parèy sa a."

Dekrè Egzekitif 28.6 la kontinye pèmèt Eta a ak lokalite yo reponn rapidman ak arive moun k ap chèche azil yo. Li kontinye pèmèt Eta New York mobilize manm Gad Nasyonal la, ki kounye a bay sipò lojistik ak operasyonèl nan sitabri yo. Li pral pèmèt Eta a ak lokalite yo achte byen vit pwovizyon ak resous ki nesèsè yo, tankou manje ak ekipman. Dekrè Egzekitif la nesèsè pou repons kontinyèl Eta New York la nan kriz imanité san parèy la epi li bay Eta a kapasite pou yon repons ki pi solid.

Reponn ak Kriz Moun k ap Chèche Azil nan New York la

Gouvènè Hochul te idantifye otorizasyon travay kòm chemen pou sòti nan kriz sa a, ki pèmèt migran ak moun k ap chèche azil yo kiteabri kontribyab yo finansè epi kòmanse viv poukont yo jan jenerasyon imigran yo te fè. Apre plizyè mwa defans Gouvènè Hochul ak yon gwo kowalisyon lidè politik, sivik ak biznis, Mezon Blanch lan [te anonse](#) plan pou akòde Eitati Pwoteksyon Tanporè a moun ki rive Etazini soti nan Venezyela nan dat oswa anvan 31 jiyè 2023; Vil New York estime sa a pral pèmèt plis pase 15,000 moun Venezyelyen jwenn estati travay legal nan 30 jou.

Nan kòmansman mwa sa a, Gouvènè a [te anonse](#) Eta a te idantifye plis pase 18,000 òf travay avèk prèske 400 anplwayè ki vle anboche migran ak moun k ap chèche azil ki te jwenn estati travay legal nan peyi Etazini. Gouvènè Hochul kontinye genyen

[konvèsasyon](#) ak Mezon Blanch lan pou l mande gouvènman federal la pou l bay plis pèsònèl ansanm ak plis finansman pou ede New York kouvri depans kriz sa a.

Anplis de sa, Gouvènè a te ogmante pèsònèl ak resous nan jesyon ka yo, pou ede migran yo ak moun k ap chèche azil yo ranpli dokiman ki nesèsè yo pou yo jwenn estati travay legal yo. Sa gen ladann [deplwaye](#) 250 pèsònèl Gad Nasyonal ki asiyen nan sèvis jesyon dosye apentan, yon pati nan yon deplwaman plis pase 2,100 pèsònèl Gad Nasyonal pou adrese sityasyon sa a k ap kontinye. Gouvènè a te deplwaye tou gwo resous finansye pou sipòte jesyon ka, ki gen ladan 20 milyon dola yo te atribiye bay òganizasyon san bi likratif yo k ap sèvi moun k ap chèche azil ak migran yo; 20 milyon dola pou ede Vil New York avèk yon [ogmantasyon dosye](#) atravè Health + Hospitals NYC; 10 milyon dola pou [sèvis legal](#) yo.

Gouvènè Hochul te dirije yon repons eta a ki solid fas ak kriz sa a. An jeneral, Eta a deja angaje 1.7 milya dola pou sipòte moun k ap chèche azil yo ak migran yo, enkli pou abri, transpò ak sèvis sosyal; Eta a fèk avanse 250 milyon dola bay Vil la pou rezon sa yo. Eta a ofri plizyè sit li posede tou, tankou ansyen Lincoln Correctional Facility nan Manhattan ak Biding 197 nan JFK Airport, pou itilize kòm abri; Eta a kouvri tou depans pou plizyè Sant Repons ak Sekou Ijanis Imanitè (Humanitarian Emergency Response and Relief Centers, HERRCs) nan Creedmoor Psychiatric Facility ak sou Randall's Island.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418